



## Kí Kote Rish Park ye?


Rish Park chita nan Manch Florida a sou Penisila St. Joseph la, yon distans 30 mil ak Apalachicola epi 15 mil bò St. Joseph Bay soti nan Port St. Joe. Pran State Road 98 pou ale nan Highway 30, apresa pran Highway 30-E, ki se Cape San Blas Road. Adrès pak la se 6773 Cape San Blas Road.

## LIS TARIF YO

Nou chaje yon ti frè pou itilize pak la.

- Pou itilize pa jou: \$5 pa jou, pa pèsòn. Rele Manadjè Pak la nan 850-227-1876 pou konnen kilè li disponib.
- Kabin pou Gwoup: \$15 pa nwit, pa pèsòn. (Pou gwo gwoup k ap lwe tout pak la, frè a se \$650 pa nwit)
- Kabin pou Fanmi: \$15 pa nwit, pa pèsòn (ak yon minimòm \$30 pa nwit).


Frè yo gen yon taks 12 poustan sou yo. (7 poustan taks ou lavant ak 5 poustan taks kabann). Nou rekonèt etablisman ak òganizasyon kalifye ki gen egzanpsyon pou pa peye taks.



Ajans pou Moun ak Andikap  
1-866-APD-CARES (1-866-273-2273)  
[apdcares.org](http://apdcares.org)

02/2017

# Ann Ale nan Rish Park



Yon Espas Rekreyasyon san Baryè  
Pou Moun ak Andikap



# Billy Joe Rish Pak Rekreyasyon

Yon bèl ti vwayaj ki aksesib nèt pou moun ak andikap yo.



## Rish Park

Pak Rekreyasyon Billy Joe Rish se plizyè kawo tè ak sab blan ki kouvri ak yon lè ki santi bon ak yon bèl dlo ble. Se Ajans pou Moun ak Andikap (Agency for Persons with Disabilities, APD) ki pwopriyetè ak administratè Rish Park ki chita nan Cape San Blas, tou pre Port St. Joe nan Manch Florida a. Pak la gen plizyè kilomèt planch ki konekte kabin pou gwoup ak kabin pou fanmi ak bèl plaj ki kouvri ak bèl sab ak dlo ki klè tankou dlo kokoye. Ekipman yo gen ladan yo sal pou differan kalite aktivite ak yon kizin pwofesyonèl, pwojektè ak ekran anwo, ak televizyon ak kab. Pisin gwosè Olenmpik la ekip ak yon ranp aksesib pou moun ak andikap ak yon kabàn akote pisin nan. Zòn pou fè piknik ak gri yo ofri moun k ap fè kan yo yon eksperyans pou manje deyò inouliyab.

Rish Park chita ant dlo St. Joseph Bay ak Gòlf Meksik, ki fè li se yon kote ideyal pou jwi bote natirèl Kot Emeral Florida a. Aksè fasil nan bè a ofri vizitè yo yon kokennchenn opòtinite pou fè lapèch, plonje, piknik, monte bato, kayak, anamoni ak lanati, ak gade tizwazo.

## Rezèvasyon

Pak la ofri sis gwoup kabin ak de kabin fanmi. Kabin fanmi yo gen yon kapasite maksimòm sèt vizitè. Nou pa bay dra, lenn, ak sèvyèt. Resesyon telefòn selilè limite. Se sèlman moun ak andikap ki ka lwa kabin yo oswa itilize ekipman pak la. N ap akeyi fanmi ak responsab legal ki akonpànye moun ak andikap yo, ansanm

ak moun k ap bay yo swen ki vini pou mennen yo ak ede yo. Pak la louvri 12 mwa nan ane a. Mwa ete yo se peryòd ki gen anpil aktivite, epi nou rekòmande ou enskri davans. Ou ka fè rezèvasyon jiska 11 mwa davans.

**Pou fè yon rezèvasyon, kontakte Sant Sunland APD a nan 850-482-9386 ant 7 a.m. ak 3:30 p.m. lè zòn Santral, lendi jiska vandredi.**

Pou telechaje fòm rezèvasyon an oswa jwenn dènye nouvèl pak la, ale sou: [www.rishpark.org](http://www.rishpark.org)